

Moun New York ki gen VIH yo Elijib pou Vaksen kont COVID-19

COVID-19 rete yon risk siyifikatif nan Vil New York (New York City, NYC) ak nan tout Etazini. Vaksinasyon, ansanm ak lòt mezi prevansyon yo, kapab ede nou mete fen nan ijans sante piblik COVID-19 la.

Pran Vaksen an

Vaksen yo trè efikas nan prevansyon COVID-19, yon maladi ki kapab mennen nan entèn lopital ak nan lanmò epi ki kapab lakòz pwoblèm sante alontèm.

Tout moun ki gen VIH ki ap viv nan Eta New York (New York State, NYS) elijib kounye pou resevwa vaksen kont COVID-19 la. Pou yon lis gwoup ki elijib aktyèlman pou vaksen kont COVID-19 la nan NYS, vizite nyc.gov/covidvaccinedistribution.

Pran yon Randevou pou Vaksen

Mande klinik oswa lopital ou si yo kapab vaksinen ou. Ou kapab chèche tou yon sit vaksinasyon ki toupre ou epi pran yon randevou nan vaccinefinder.nyc.gov. Si ou bezwen asistans pou ou pran yon randevou nan yon sit Vil la ap jere, rele 877-829-4692. Founiti vaksen yon limite, kidonk verifye regilyèman paske yo ap ajoute nouvo randevou yo pandan plis vaksen ap vini disponib.

Nan Nou Randevou Ou a

Repwograme randevou ou a si ou pa santi ou byen nan jou sa a. Pote yon kouvèti pou figi lè ou ap vwayaje pou ale ak pou nan soti sit vaksinasyon ou a epi pandan randevou ou a – yo pap pèmèt ou antre san youn.

Ou bezwen pote prèv ke ou ap viv nan NYS oswa NYC (depandaman de sit la) epi ke ou elijib pou vaksen kont COVID-19 la. Si ou elijib paske ou genyen VIH epi se founisè swen sante ou ki ap ba ou vaksen an, dosye medikal ou ki nan klinik founisè ou a kapab sèvi ou kòm prèv pou elijibilite. Otreman, lè ou ap pwograme randevou ou a, ou pral bezwen ranpli yon [sètifikasyon](#) ki konfime ou gen yon pwoblèm sante ki kache ki fè ou elijib pou vaksinasyon. Ou pa bezwen deklare ki pwoblèm sante ou bay okenn lòt prèv pou demontre ki pwoblèm ou genyen. Pou plis enfòmasyon sou prèv pou elijibilite, vizite nyc.gov/covidvaccine.

Kontinye mezi prevansyon pou COVID-19 yo apre vaksinasyon an

Pran vaksen an pwoteje ou kont sentòm COVID-19 yo, entèn lopital ak lanmò. Men nou toujou bezwen pran prekosyon jiskaske plis moun pran vaksen an epi jiskaske nou pi byen konprann fason vaksen an pwoteje moun ozalantou nou ki pa pran vaksen an. Menm apre vaksinasyon an, kontinye [pran mezi](#) pou anpeche pwopagasyon COVID-19 la:

- Rete lakay ou si ou malad oswa ou te teste pozitif pou COVID-19.
- Rete nan 6 pye distans de lòt moun yo.
- Mete kachnen.

- Lave men ou souvan.

Vaksen kont COVID-19 yo San Danje

Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini an te otorize plizyè vaksen pou itilizasyon ijans. Vaksen yo te pase nan gwo esè klinik ki enplike plizyè dizèn milye moun ki gen laj, ras ak etnisite ki diferan. Esè yo te revele ke vaksen yo san danje pou itilizasyon epi efè segondè ki grav yo trè ra. Efè segondè komen yo gen ladan doulè leje rive nan modere oswa enflamasyon nan bra kote ou te pran vaksen an, maltèt, doulè nan kò, fatig ak lafyèv. Vaksen yo pa lakòz enfeksyon COVID-19.

Gouvènman Etazini an ak òganizasyon rechèch yo kontinye ap siveye vaksen yo.

Vaksen kont COVID-19 yo Efikas

Tout vaksen kont COVID-19 yo otorize yo trè efikas nan pwoteje moun kont maladi grav, entènè lopital ak lanmò.

Moun ki gen yon Kantite CD4 ki Ba oswa ki Pa Pran Tretman VIH yo Ta Dwe Pran yon Vaksen

Moun ki genyen yon sistèm iminitè ki afebli akòz VIH oswa yon lòt pwoblèm pa te fè pati esè klinik vaksen kont COVID-19 yo, kidonk nou pa genyen done sou nivo sekirite oswa efikasite vaksen an tap ye pou yo. Si ou genyen yon kantite CD4 ki ba oswa yon sistèm iminitè ki fèb, ou kapab resevwa vaksen an. Ou gendwa benefisyè patikilyèman lè ou pran vaksen an paske ou kapab vini malad anpil si ou pran COVID-19. Sepandan, vaksen an gendwa pa mache tou pou pwoteje ou kont COVID-19. Pale ak pwofesyonèl ou si ou gen kesyon.

Pran Swen Regilye ou pou VIH

VIH kapab fè ou malad si ou pa pran swen ak tretman. Pran medikaman pou VIH ou yo jan yo preskri yo. Pale ak pwofesyonèl ou a sou nenpòt bagay ki fè li difisil pou ou pran medikaman ou yo oswa pou ou rete nan swen. Ou kapab rete an kontak atravè telefòn, mesaj tèks oswa diskisyon pa videyo. Si ou genyen difikilte pou jwenn medikaman ou yo, rele Pwogram Swen pou Moun ki pa gen Asirans NYS (NYS Uninsured Care Programs) yo nan 800-542-2437. Pou ou jwenn yon pwofesyonèl swen pou VIH, vizite [NYC Health Map](#) (Kat Sante NYC) a oswa voye mesaj tèks "CARE" bay 877-877.

Pou plis enfòmasyon sou VIH ak COVID-19, konsilte direktiv ki soti nan [Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC](#) a ak [Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini](#) an. Pou plis enfòmasyon sou vaksen kont COVID-19 la, vizite nyc.gov/covidvaccine. Pou enfòmasyon sou COVID-19, vizite nyc.gov/health/coronavirus.

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye. 3.24.21